

Dwa Anplwaye yo Pandan yon Kanpay pou Gen yon Òganizasyon Sendika

Dapre Lwa Nasyonal konsènan Relasyon Travay, anplwaye yo, pa patwon yo, gen dwa pou decide si yo vle oswa pa vle yon sendika pou reprezante yo. Kòm repons pou òganizasyon sendika, yon patwon pa kapab:



Revoke, retrograde, oswa transfere anplwaye yo poutèt yo eksprime pwendvi yo an favè sendika oswa patwon an pa kapab rekonpanse anplwaye yo paske yo eksprime pwendvi yo kont sendika.



Redui salè, kantite èdtan travay, oswa avantaj yo.



Fè pi difisil oswa mwen dezirab— tankou chanje orè travay la, refize bay travay siplemantè oswa separe anplwaye yo.



Enpoze nouvo kondisyon pou dokiman administratif pou kenbe travay ou.



Fè anplwaye yo konnen li pa enpòtan pou yo chwazi yon sendika.



Kontakte ajans aplikasyon lalwa, tankou ICE.

Yon patwon pa kapab nonplis anboche moun endepandan pou fè oswa di bagay ki entèdi pou moun fè ak di. Moun endepandan patwon yo anboche pa kapab bay manti pou fè konnen yo se ajan gouvènman oswa ajan NLRB.



Si yon patwon vyole dwa ou pou fòmè yon sendika, pou antre nan yon sendika oswa pou asiste yon sendika, ou kapab fè akizasyon kont patwon sa a

Jwenn biwo NLRB lokal ou sou sitwèb:
bit.ly/NLRBOffices

Rele nou: 1-844-762-6572

Imèl nou:

publicinfo@nrlb.gov Depoze